## Salè Minimòm Nan NJ

**Salè ya sé 15 dola pou pi piti pou majorité travayè yo.**

- **Tyeke sou nj.gov/labor/minwage oswa eskane kòd QR sa a pou ka konnen ki minimòm kòb yo peye traveyè pou chak èdtan yo travay**

## Dwa ak Benefis Travay Nan NJ

**NJ Peye Jou Konje Pou Pran Swen Medikal e Pou Pran Swen Fanmi w:**

- Benefis lajan kach pou pran swen tèt ou ak fanmi ou yo
- Lalwa federal ak lalwa nan eta NJ a pwoteje travay ou

**Domaj ki Lye ak Travay**
Ou kapab kalifye pou Konpansasyon Travay

**Espas Travay ki San Danje epi an Sekirite**
Konpayi yo dwe swiv prensip OSHA, eta ak federal yo

**Lwa NJ a Entèdi Diskriminasyon nan Travay**
njcivilrights.gov

AD-319.5 (7/25) Haitian Creole

# KONNEN DWA TRAVAY OU YO NAN NJ



**myworkrights.nj.gov**

THE NEW JERSEY DEPARTMENT OF LABOR & WORKFORCE DEVELOPMENT — DOL


## Salè Minimòm Nan NJ

**Salè ya sé 15 dola pou pi piti pou majorité travayè yo.**

- **Tyeke sou nj.gov/labor/minwage oswa eskane kòd QR sa a pou ka konnen ki minimòm kòb yo peye traveyè pou chak èdtan yo travay**

## Dwa ak Benefis Travay Nan NJ

**NJ Peye Jou Konje Pou Pran Swen Medikal e Pou Pran Swen Fanmi w:**

- Benefis lajan kach pou pran swen tèt ou ak fanmi ou yo
- Lalwa federal ak lalwa nan eta NJ a pwoteje travay ou

**Domaj ki Lye ak Travay**
Ou kapab kalifye pou Konpansasyon Travay

**Espas Travay ki San Danje epi an Sekirite**
Konpayi yo dwe swiv prensip OSHA, eta ak federal yo

**Lwa NJ a Entèdi Diskriminasyon nan Travay**
njcivilrights.gov

AD-319.5 (7/25) Haitian Creole

# KONNEN DWA TRAVAY OU YO NAN NJ





**myworkrights.nj.gov**

THE NEW JERSEY DEPARTMENT OF LABOR & WORKFORCE DEVELOPMENT — DOL

## Ou Genyen Dwa Pou Yo Peye W

Konpayi wap travay la dwe peye pou tout kòb ou e pou tout èdtan ou te travay, epi li pa ka peye w mwens ke minimòm kòb lalwa nan eta NJ a mande pou konpayi peye travayè pou chak èdtan.

- **Tan siplemantè:** Travayè ki travay depase 40 èdtan pa semèn, dwe resevwa plis kòb. Pifò travayè yo dwe touche yon fwa edmi (1.5) pou chak èdtan yo travay ki depase 40 èdtan pandan yon semèn.
- **(Konstriksyon piblik (ki genyen ladan lekòl, batiman, wout):** Moun ki gen kontra pou konstri bagay piblik yo dwe enskri avèk Eta NJ a, epi yo dwe peye travayè yon fòs kòb ki approriye e ki aseptab nan domèn sa a.
- **Mal klasifye Yon Travayè kòm yonn kap travay a tèt li (moun sa resevwa yon fòm 1099 nan fen ane a) oswa kòb yo peye travayè sa a pa anrejistre nan kaye antrepriz la:** Sa a, se pa fòt ou, men, sa a ka anpeche w jwi dwa travay ou ak anpil lòt avantaj. Anplwaye ki mal klasifye yo kapab jwen yon rekonpans nan kòb yo penalize konpayi an.

## Peye Pou Jou ou Pa Ka al Travay Paske ou Malad se yon Lwa

Ou genyen dwa pou pran swen tèt ou ak moun ki pwòch ou yo.

- Tout konpayi kèlkeswa gwosè antrepriz la dwe rezève yon èdtan pou chak 30 èdtan ou travay, jiska 40 èdtan pa ane ki disponib pou peye w pou jou ou malad e ou pa ka al travay.
- Ou Kapab itilize jou sa yo pou sante fizik oswa sante mantal, tès/vaksinasyon/karantèn pou Kowonaviris la, randevou nan lekòl timoun ou an, pou fè fas ak vyolans seksyèl/vyolans domestik, e elatriye.
- Prèske tout travayè yo kalifye pou lwa sa a: moun ki travay 40 èdtan chak semèn, moun ki travay 20 èdtan chak semèn, moun ki nan yon pòs travay ki pap dire anpil tan.

Pou plis enfòmasyon tyeke **mysickdays.nj.gov**



## Si Ou Kwè Yo Vyole Dwa Ou

Gen pwoteksyon pou pifò travayè yo, kèlkeswa fason yo peye w - lajan kach, oswa yon ti kòb pou chak ti travay.)

- **Ekri nan ti yon kaye, tout èdtan ou travay chak jou ak chak semèn yo ak konbyen ou touche**
- **Depoze yon plent nan myworkrights.nj.gov**
- **Konpayi kap make w paske ou depoze yon plent ka fè fas ak gwo sanksyon**

NJDOL pa poze okenn kesyon sou estati imigrasyon w oswa sitwayènte epi yo sèvi tout travayè kèlkeswa estati w. NJDOL pap pataje okenn enfòmasyon sou yon ankèt avèk okenn ajans imigrasyon federal, sof si yo genyen yon manda.


## Ou Genyen Dwa Pou Yo Peye W

Konpayi wap travay la dwe peye pou tout kòb ou e pou tout èdtan ou te travay, epi li pa ka peye w mwens ke minimòm kòb lalwa nan eta NJ a mande pou konpayi peye travayè pou chak èdtan.

- **Tan siplemantè:** Travayè ki travay depase 40 èdtan pa semèn, dwe resevwa plis kòb. Pifò travayè yo dwe touche yon fwa edmi (1.5) pou chak èdtan yo travay ki depase 40 èdtan pandan yon semèn.
- **(Konstriksyon piblik (ki genyen ladan lekòl, batiman, wout):** Moun ki gen kontra pou konstri bagay piblik yo dwe enskri avèk Eta NJ a, epi yo dwe peye travayè yon fòs kòb ki approriye e ki aseptab nan domèn sa a.
- **Mal klasifye Yon Travayè kòm yonn kap travay a tèt li (moun sa resevwa yon fòm 1099 nan fen ane a) oswa kòb yo peye travayè sa a pa anrejistre nan kaye antrepriz la:** Sa a, se pa fòt ou, men, sa a ka anpeche w jwi dwa travay ou ak anpil lòt avantaj. Anplwaye ki mal klasifye yo kapab jwen yon rekonpans nan kòb yo penalize konpayi an.

## Peye Pou Jou ou Pa Ka al Travay Paske ou Malad se yon Lwa

Ou genyen dwa pou pran swen tèt ou ak moun ki pwòch ou yo.

- Tout konpayi kèlkeswa gwosè antrepriz la dwe rezève yon èdtan pou chak 30 èdtan ou travay, jiska 40 èdtan pa ane ki disponib pou peye w pou jou ou malad e ou pa ka al travay.
- Ou Kapab itilize jou sa yo pou sante fizik oswa sante mantal, tès/vaksinasyon/karantèn pou Kowonaviris la, randevou nan lekòl timoun ou an, pou fè fas ak vyolans seksyèl/vyolans domestik, e elatriye.
- Prèske tout travayè yo kalifye pou lwa sa a: moun ki travay 40 èdtan chak semèn, moun ki travay 20 èdtan chak semèn, moun ki nan yon pòs travay ki pap dire anpil tan.

Pou plis enfòmasyon tyeke **mysickdays.nj.gov**





## Si Ou Kwè Yo Vyole Dwa Ou

Gen pwoteksyon pou pifò travayè yo, kèlkeswa fason yo peye w - lajan kach, oswa yon ti kòb pou chak ti travay.)

- **Ekri nan ti yon kaye, tout èdtan ou travay chak jou ak chak semèn yo ak konbyen ou touche.**
- **Depoze yon plent nan myworkrights.nj.gov.**
- **Konpayi kap make w paske ou depoze yon plent ka fè fas ak gwo sanksyon.**

NJDOL pa poze okenn kesyon sou estati imigrasyon w oswa sitwayènte epi yo sèvi tout travayè kèlkeswa estati w. NJDOL pap pataje okenn enfòmasyon sou yon ankèt avèk okenn ajans imigrasyon federal, sof si yo genyen yon manda.